



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ARANJMAN NAN DOSYE NYSER KONT ETA NY POU FINANSE KONPLÈTMAN FOUNDATION AID NAN LEKÒL NEW YORK YO

*Akò a egzije Eta New York pou fè avansman ki enpòtan nan finansman  
Foundation Aid ane sa epi finanse bidjè ane fiskal 2024 la konplètman*

*Foundation Aid konsidere richès Distri Lekòl la ak bezwen elèv la pou kreye yon  
distribisyon finansman lekòl ki ekitab*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York te rive jwenn yon akò pou regle epi mete fen nan dosye *Nouyòkè pou Dwa Edikatif Elèv yo (New Yorkers for Students' Educational Rights, NYSER) kont Eta New York* la, apre angajman Eta a pou finansse konplètman fòmil aktyèl Foundation Aid la pou distri lekòl New York yo pou twa ane epi mete fen nan opozisyon anvan Eta a pou bay finansman ki tèlman nesèsè sa pou elèv nou yo.

"Chak grenn Nouyòkè merite yon edikasyon dekalite pou reyisi nan eta nou an, epi lekòl piblik yo se yon eleman enpòtan pou opòtinite sa pou mobilite k ap ogmante pou timoun nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Aranjman sa fèmen yon long chapit inegalite, epi demontre ke administrasyon mwen an angaje pou efase adwaz la epi pou finansse edikasyon piblik la konplètman lè l itilize yon modèl ki sansib ki pran bezwen inik distri yo an konsiderasyon. Aksyon yo pi enpòtan pase mo, epi pandan aranjman an se premye etap la, n ap vini ak finansman an apre nan bidjè eta a. Avni eta a depann de kapasite nou pou edike chak timoun kòrèkteman epi Foundation Aid ap aplike yon lantiy enpòtan pou abòde inegalite yo epi asire ke lekòl ki nan bezwen yo resevwa finansman yo merite a."

Litij la, ki te ankou depi 2014, t ap chèche egzije Eta New York pou finansse fòmil Foundation Aid la konplètman ke yo te mete anplas apre Kanpay istorik pou dosye Ekite Fiskal yo, epi ke Eta New York te opoze anvan. Foundation Aid te kreye an 2007, epi li konsidere richès distri lekòl la ak bezwen elèv la pou kreye yon distribisyon finansman eta a ki ekitab pou lekòl yo. Men, Eta New York pa t janm finansse Foundation Aid konplètman.

Nouvo aranjman an egzije Eta New York pou finansse Foundation Aid pwogresivman disi bidjè Ane Fiskal 2024 la. Nan Bidjè Eta a pou Ane Fiskal 2022 ki te apwouve nan mwa avril la, Egzekitif ak Lejislati a te dakò pou finansse Foundation Aid konplètman disi bidjè Ane Fiskal 2024 la, epi konsakre angajman sa an lwa.

Yon repatisyon finansman yo prevwa aktyèlman pou Foundation Aid disponib anba la:

- Ane fiskal 2022: 19.8 milya dola, k ap kouvri 30% nan montan ki manke ki egziste a
- Ane fiskal 2023: Apeprè 21.3 milya dola, k ap kouvri 50% nan montan ki manke yo prevwa a
- Ane fiskal 2024: Apeprè 23.2 milya dola, k ap elimine montan ki manke yo prevwa a, epi finanse montan konplè Foundation Aid la pou tout distri lekòl yo

**Senatè Shelley B. Mayer te deklare,** "Nou te lite di pou angajman pou finanse obligasyon edikasyon ramakab nou an konplètman sou twa zan. Mwen kontan ke nou ka mete litij depi lontan sa dèyè nou pandan n ap kontinye avanse ak finansman yo pwomèt la epi devlope opòtinite edikatif yo. Eta New York te rekonèt finalman prensip konstitisyon an pou yon edikasyon debaz solid pou chak timoun. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li ak edikasyon piblik la epi mwen salye tout paran ak defansè ki pa t janm renonse epi ki te defann pitit yo."

**Senatè Robert Jackson te deklare,** "Mwen rekonesan pou aprann desizyon Gouvènè Hochul pou regle pwozè NYSER a, ki te rive lè Eta New York te kontinye inyore pwòp fòmil finansman li pou elèv lekòl piblik yo. Lè Michael Rebell ak mwen te premye lanse Kanpay pou Ekite Fiskal nan Distri 6 la nan Nò Manhattan an 1993, nou te konnen li t ap yon konba ki long pou jwenn finansman ke elèv lekòl piblik nou yo merite yo. Aranjman sa se yon etap nan bon direksyon an pou elèv nou yo ak edikatè k ap travay di yo ki te pèmèt lekòl yo kontinye fonksyone pandan yon jenerasyon bidjè sere, epi, pi resaman, yon pandemi. Mwen kontan pou retire tenis mach Albany mwen yo epi mwen enpasyon pou yon sesyon lejislatif kote yo pa itilize dwa dimoun yo pou yon edikasyon debaz solid kòm yon monè negosyasyon politik."

**Manm Asanble Mike Benedetto te deklare,** "Mwen kontan ke sa regle epi mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul. Timoun Eta New York yo ap dòmi pi fasilman aswè a."

**Direktè Egzekitif Alliance for Quality Education, Jasmine Gripper, te deklare,** "Angajman pou finanse Foundation Aid konplètman ap asiere ke elèv Nwa, Mawon ak elèv ki gen revni ki fèb ki nan lekòl ki finanse konplètman yo epi sa ap konble eka opòtinite a anpil. Jodi a make kòmansman yon nouvo chapit ki la depi lontan nan konba jistis edikasyon an nan New York. Desizyon Gouvènè Kathy Hochul la pou tranche pwozè sou kondisyon pou Eta New York finanse Foundation Aid pwogresivman disi 2024, se yon chanjman kaptital nan yon konba ke paran ak manm kominote yo t ap mennen pandan plizyè deseni, epi youn ki siyale angajman Gouvènè a pou egalite pou elèv New York yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)